

GID SOU LOJMAN POU AMERIKEN AJE YO

Desizyon sou lojman lè sante ou chanje

Desizyon sou lojman lè w ap fè fas a gwo chanjman nan sante ou

Yon gwo chanjman nan sante ou, sitou youn ki gen konsekans sou kapasite ou pou w rete san sipò, kapab gen konsekans sou tout aspè nan lavi ou—sa gen ladan lojman ou. Ke w ap viv yon kriz medikal kounye a ke gen youn ki pandye, li enpòtan pou reflechi sou opsyon lojman k ap ofri ou laswenyay ak sipò ou bezwen yo. Gid sa a ap ede ou evalye bezwen ou yo epi fè ou konnen ki opsyon lojman ki disponib, epi ba ou konfyans ou bezwen an pou pran bon desizyon yo.

Gid sa a ofri enfòmasyon jeneral pou konsomatè yo. Se pa konsèy jiridik ni direktiv règlemantè. Pou jwenn enfòmasyon sou kijan pou jwenn èd avoka, tanpri gade seksyon “Ki kote pou m ale pou yo ede mwen” nan gid sa a. Gid sa a gen ladan tou lyen oswa referans sou resous oswa kontni tyès pati. Biwo a pa ni kanpe dèyè tyès pati an ni garanti enfòmasyon tyès pati sa a kòrèk. Gen dwa gen lòt resous k ap sèvi bezwen ou yo tou.

Pou konnen sa ou bezwen

Sèvi ak lis kontwòl ki anba la a pou byen reflechi sou sa ou bezwen apre chanjman nan sante w lan.

Poutèt chanjman nan sante w lan, èske ou bezwen:	Wi	Non
Sipò medikal <i>Resevwa tretman, pran oswa sonje medikaman, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò pou deplase <i>Soti nan kabann, ale nan twalèt, monte ak desann eskalye, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò pou ijyèn pèsònèl <i>Benyen ak pran douch, lave rad, abiye, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò pou okipe kay <i>Netwaye, fè manje, koupe gazon, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò pou transpò <i>Kondui, mache, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò nan zafè lajan <i>Jere lajan ou, kapab peye prè ipotekè oswa lwaye ou, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
Sipò emosyonèl <i>Rete pre fanmi ak zanmi, gen konpayi, elatriye.</i>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>

Si ou reponn “wi” pou nenpòt nan kesyon sa yo, li ta bon pou w panse sou kijan ou ka fè kondisyon w ap viv lan pi ale avèk bezwen medikal ak pèsònèl ou yo. Gid sa a ka ede ou pran desizyon sa yo.

Men kijan ou ka jwenn plis sipò nan sitiyasyon kote ou ye kounye a

Swen lakay

Gade tablo ki pi ba a pou jwenn enfòmasyon sou pwofesyonèl oswa moun k ap bay swen k ap vin wè ou lakay ou.

Swen medikal lakay	Swen ki pa medikal lakay
<p>Swen medikal lakay se lè yon pwofesyonèl medikal vin lakay ou pou okipe pwoblèm medikal ou yo. Li ideyal pou moun ki bezwen asistans pou:</p> <ul style="list-style-type: none">▪ Pran medikaman▪ Terapi fizik, okipasyonèl, oswa respiratwa▪ Tès medikal▪ Sèvis pou moun enfim▪ Sèvis sante mantal▪ Premye swen▪ Swen enfimye espesyalize▪ Swen blesi	<p>Swen ki pa medikal lakay se lè gen yon moun k ap bay swen ki vin lakay ou pou okipe bezwen pèsonèl ou. Li ideyal pou moun ki bezwen asistans pou:</p> <ul style="list-style-type: none">▪ Travay nan kay (netwaye, fè manje, fè lesiv, elatriye)▪ Lavi kotidyen (benyen, abiye, okipe ijyèn pèsonèl, elatriye)▪ Jesyon medikaman▪ Komisyon (al fè makèt, al chèche medikaman, elatriye)▪ Swen deyò a (okipe jaden, koupe gazon, pelte ak wete lanèj, elatriye)▪ Sipò emosyonèl (konpayi, konvèsasyon, elatriye)▪ Planifikasyon randevou medikal

Pou èd nan jwenn sèvis yo oswa nan idantifye sa ou bezwen lakay ou, ale sou [Eldercare Locator \(Endèks Ajans pou Swen Moun Aje a\) nan eldercare.acl.gov](https://eldercare.locator.gov), yon sèvis piblik Administrasyon sou Vyeyisman Etazini an (U.S. Administration on Aging). Yo kapab mete ou an kontak ak sèvis pou granmoun aje ak fanmi yo. Ou ka pale ak yon Espesyalis Enfòmasyon tou nan Eldercare Locator (Endèks Ajans pou Swen Moun Aje a) nan (800) 677-1116.

Modifikasyon nan kay la pou fè viv poukont ou vin mwen danjre ak pi fasil

Lè ou fè chanjman lakay ou sa ka kreye yon kondisyon lojman ki mwen danjre ak pi apwopriye. Lis ki anba la a montre ide ak mezi ou ka pran pou modifye lakay ou.

- Panse a danje posib ki genyen lakay ou, sa gen ladan mèb kase, tapi ki ka glise, fil elektrik ki ekspoze, oswa mach eskalye ki inegal. Sèvi ak [Check for Safety Checklist](#) (Lis Kontwòl pou Jwenn Danje) CDC an pou ede ou idantifye danje sa yo.
- Panse a modifikasyon lakay ou gen dwa bezwen pou fè sa posib pou w rete lakay ou. [AARP HomeFit Guide](#) (Gid AARP an pou Adapte Kay) ap ba ou konsèy pou modifye chak pyès.
- Sèvi ak [Home Modification Information National Directory](#) (Anyè Nasyonal Enfòmasyon pou Modifikasyon nan Kay la) pou jwenn founisè sèvis modifikasyon ak reparasyon kay nan vil ou a.
- Sèvi ak [Home Modification Information Network](#) (Rezo Enfòmasyon sou Modifikasyon nan Kay la) pou jwenn resous finansman ki ka ede ou peye pou modifikasyon lakay ou.

❗ Lè w ap chèche founisè sèvis modifikasyon nan kay, fè atansyon ak posibilite eskwokri. Gade gid CFPB an sou ["Protecting older adults from fraud and financial exploitation" \(Pwoteksyon granmoun aje kont fwòd ak eksplwatasyon finansye\)](#) pou jwenn resous sou kijan pou pwoteje tèt ou ak lajan ou.

Sèvis pou ede avèk depans pou lojman


Si ou deside rete lakay ou epi ou bezwen èd pou depans chak mwa ou, gen dwa gen fason pou redui depans lojman ou tankou sèvis piblik, lwaye, ak taks sou pwopriyete. Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou jwenn èd finansye pou depans lojman, sèvi ak [National Council on Aging's Benefits Checkup Tool](#) (Zouti Konsiltasyon pou Avantaj Sosyal Konsèy Nasyonal sou Vyeyisman an).

Pase a yon kondisyon lojman ki pi apwopriye pou bezwen medikal ak pèsònèl ou yo

Gen anpil kondisyon lojman ki ofri diferan konbinezon sipò medikal ak pèsònèl.

Vin rete ak fanmi

Fè chita pale sou bezwen medikal ak pèsònèl ou yo avèk fanmi ou. Èske gen yon manm nan fanmi ou oswa yon zanmi ou ta ka al rete lakay li epi ki ta ka ba ou sipò medikal ak pèsònèl ou bezwen an? Si se sa, pale avèk li de ki modifikasyon fizik ki t ap fè sa pi fasil pou w viv alèz lakay li.

 Ou gen dwa kapab sèvi ak sipò lakay pou ede fè sa pi fasil pou w viv alèz avèk fanmi oswa zanmi. Verifye avèk **Area Agency on Aging (Ajans sou Vyeyisman nan Zòn)** bò lakay ou a pou wè si ou kalifye.

Antre nan yon kominote moun depandan

Kominote pou moun depandan yo ede avèk bezwen medikal ak pèsònèl, men pa rive nan nivo mezon retrèt. Yo gen dwa yon bon opsyon pou moun ki bezwen èd pou:

- Swen pèsònèl, men pa atansyon medikal san rete
- Deplase
- Sonje ak pran medikaman
- Bagay kotidyen tankou manje, bwè, benyen, ak okipe ijyèn pèsònèl

Demenaje al nan yon mezon retrèt


Mezon retrèt yo ofri sipò lajounen kou lannuit pou okipe bezwen medikal ak pèsònèl. Se gen dwa yon bon opsyon pou moun ki bezwen, manch long, 24 sou 24:

- Swen medikal
- Asistans pou deplase
- Asistans pou sonje ak pran medikaman
- Asistans nan bagay kotidyen tankou manje, bwè, benyen, ak okipe ijyèn pèsònèl

Kijan pou chwazi yon Vilaj Retrèt avèk Swen Long Dire (CCRC)

Vilaj Retrèt avèk Swen Long Dire yo (Continuing Care Retirement Communities, CCRC) se rezidans pou granmoun aje ki ofri rezidan yo plizyè nivo asistans, soti nan vi konplètman endepandan, pase pa lojman avèk asistans, rive nan mezon retrèt ak swen pou moun ki gen pwoblèm memwa. Sa pèmèt rezidan yo rete nan menm kominote a antan bezwen pèsònèl ak medikal yo ap chanje. CCRC yo ta ka yon bon opsyon pou moun ki pa bezwen asistans kotidyen kounye a, men:

- Ki prevwa yo pral bezwen asistans kotidyen a yon sèten moman nan pa twò lontan
- Ki vle rete yon kote ki gen plis asistans medikal disponib
- Ki vle al rete yon kote ki gen kondisyon lojman pi apwopriye (kay pi piti, mwens eskalye, aparèy menaje ki pi fasil pou itilize, elatriye)

 Ale sou paj **Residential Facilities, Assisted Living, and Nursing Homes (Etablisman Rezidansyèl, Rezidans pou Moun Depandan, ak Mezon Retrèt)** Enstiti Nasyonal sou Vyeyisman an (National Institute on Aging) pou jwenn plis enfòmasyon sou opsyon sa yo.

Lè w ap reflechi diferan opsyon lojman yo, panse pou:

- Pale de desizyon yo ak pwòch ou, ni pou konn opinyon yo ni pou diskite de tout konsekans desizyon w lan ka gen sou yo.
- Al vizite diferan kalite etablisman pou wè sa yo sanble ak èske yo reponn bezwen ou yo. Rankontre pèsonèl la, chèche konnen ki sèvis yo ofri, epi jwenn enfòmasyon sou pri diferan opsyon yo.
- Si ou konn yon moun ki te gen pou pran desizyon sou lojman poutèt yon chanjman nan sante li, mande li konsèy.
- Pale ak yon pwofesyonèl. Area Agency on Aging (Ajans sou Vyeyisman Zòn ou an) oswa yon ajans konsèy sou zafè lojman ka ede ou decide ki opsyon k ap pi bon mache epi k ap pote plis sekirite pou sitiyasyon w lan ak kijan ou ka peye pou li.

Ki kote pou w ale pou yo ede ou

Èd legal

- **Sèvis legal gratis pou moun ki gen laj ki depase 60 an**
Pou jwenn pwogram bò lakay ou ki ofri èd avoka gratis pou moun ki gen laj ki depase 60 an kontakte Eldercare Locator (Endèks Ajans pou Swen Moun Aje a) nan (800) 677-1116 oswa nan eldercare.acl.gov.
- **Sèvis legal gratis pou moun ki pa touche anpil lajan**
Jwenn pwogram bò lakay ou ki ofri èd legal gratis pou moun ki pa touche anpil lajan nan Legal Services Corporation (Kòporasyon Sèvis Jiridik) nan (202) 295-1500 oswa nan lsc.gov/find-legal-aid.
- **Sèvis avoka gratis**
American Bar Association (Asosyasyon Bawo Ameriken an) ofri enfòmasyon sou kijan pou jwenn yon avoka nan chak eta, sou resous ki disponib sou zafè lalwa, sou kijan pou verifye yon avoka gen lisans, ak sou sa pou w fè si ou gen pwoblèm ak yon avoka, nan (800) 285-2221 oswa nan findlegalhelp.org.

Konsèy sou zafè lojman

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini an (U.S. Department of Housing and Urban Development, HUD) ofri yon lis ajans konsèy nan zafè lojman ki apwouve epi ki ofri konsèy sou achte oswa lwe kay, sou ranje defo nan peman prè pou achte kay, sou jwenn delè gras epi sou evite pou yo sezi kay la. Ajans konsèy sou zafè lojman HUD apwouve yo ofri konsèy endepandan, souvan bon mache oswa gratis pou ou, nan (800) 569-4287 oswa nan consumerfinance.gov/find-a-housing-counselor.

Konsèy sou zafè kredi

Pifò konseye nan zafè kredi yo ofri sèvis nan biwo an pèsonn, sou entènèt, oswa pa telefòn. Depatman Lajistis Etazini an (U.S. Department of Justice) pibliye yon lis konseye nan zafè kredi ki apwouve. Rele (202) 514-4100 oswa gade lis la nan justice.gov/ust/list-credit-counseling-agencies-approved-pursuant-11-usc-111.

Èd nan kontabilite

American Institute of CPAs (Enstiti Ameriken Ekspè Kontab la) bay yon lis ekspè-kontab ki bò lakay ou, nan (888) 777-7077 oswa nan aicpa.org/forthepublic/findacpa.html.

Avantaj sosyal pou granmoun aje

National Council on Aging (Konsèy Nasyonal sou Vyeyisman an) pibliye yon zouti gratis ki rele Benefits CheckUp (Konsiltasyon pou Avantaj Sosyal) ki di granmoun aje yo pou ki avantaj sosyal yo gen dwa kalifye. Rele nimewo asistans la nan (800) 794-6559 oswa ale sou benefitscheckup.org.

Modifikasyon nan kay

▪ Lis Kontwòl pou Wete Danje pou Tonbe

Center for Disease Control (Sant pou Kontwòl Maladi an, CDC) kreye lis kontwòl sa a pou ede granmoun aje yo jwenn epi ranje danje posib lakay yo. Rele (800) 232-4636 oswa

gade nan [CDC Check for Safety Checklist](#) (Lis Kontwòl pou Jwenn Danje CDC an).

▪ **Gid HomeFit la**

AARP ofri plis pase 100 ti konsèy ak sijesyon pou ede moun viv san danje ak alèz kèlkeswa laj oswa etap nan lavi moun nan. Rele (888) 687-2277 oswa gade nan [AARP HomeFit Guide](#) (Gid AARP an pou Adapte Kay).

▪ **Rezo Enfòmasyon sou Modifikasyon Kay la**

Yon envantè eta pa eta ki elabore avèk sipò Administration for Community Living (Administrasyon pou Vi an Kominote a) epi ki bay règleman yo pou modifiye kay yo, sous finansman yo, ak pwogram yo nan chak eta. Rele (213) 740-1364 oswa ale sou [Home Modification Information Network](#) (Rezo Enfòmasyon sou Modifikasyon nan Kay la).



W ap jwenn plis resous CFPB nan consumerfinance.gov/olderamericans

Kontakte nou



Sou entènèt

consumerfinance.gov



Pa telefòn

(855) 411-CFPB (2372)

(855) 729-CFPB (2372) TTY/TDD



Pa lapòs

Consumer Financial Protection Bureau

P.O. Box 27170

Washington, DC 20038



Depoze yon plent

consumerfinance.gov/complaint